



RefuahHealth

www.RefuahHealth.org

the care you want

Deklarasyon Non-Diskriminasyon

Refuah Health Center respekte lwa dwa sivil federal ki aplikab yo epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal (tankou konpetans limite nan lang Anglè ak lang prensipal), laj, andikap oswa sèks.

Refuah Health Center bay akomodasyon rezonab pou moun ki gen andikap, èd ak sèvis ki apwopriye, tankou entèprèt ki kalifye pou ede moun ki gen andikap ak enfòmasyon nan lòt fòm, tankou ekriti bray oswa gwo lèt detache, gratis epi nan yon fason apwopriye, lè modifikasyon, èd ak sèvis sa yo nesèsè pou asire ke moun ki gen andikap yo gen menm aksè ak opòtinite tankou tout moun.

Refuah Health Center bay sèvis ak asistans nan zafè lang, li gen ladan dokiman elektwonik ak dokiman ekri sou papye ki tradui nan lòt lang epi moun ki pou entèprete tou, gratis, nan yon jan ki apwopriye, lè sèvis sa yo se yon etap rezonab pou bay aksè fasil ak moun ki gen konpetans limite nan lang Anglè.

Si ou bezwen sèvis sa yo, oswa ou ta renmen avi sa a nan yon lòt lang, kontakte Ekstansyon 1100.

Si ou kwè ke Refuah Health Center pat ba ou sèvis sa yo kòrèkteman, oswa yo te fè diskriminasyon nan yon fason oubyen yon lòt, sou baz ras, koulè, orijin nasyonal (sa gen ladan konpetans limite nan Anglè oubyen lang prensipal la), laj, andikap oswa sèks, ou ka depoze yon doleyans la a: Section 1557 Coordinator, 728 N. Main Street, Spring Valley, NY 10977, 845-354- 9300 x1217, lmasterson@refuahhealth.org. Ou kapab depoze doleyans ou an pèsonn, pa lapòs oswa faks. Si w bezwen èd pou depoze yon doleyans, koòdonatè Seksyon 1557 la disponib pou ede ou.

Ou ka depoze yon plent ki gen pou wè ak dwa sivil tou nan Depatman Sante ak Sèvis Imen, biwo Dwa sivil, elektwonikman atravè Pòtay pou plent Biwo Dwa Sivil la ki disponib nan lyen sa <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>, pa la pòs oubyen telefòn nan:

U.S. Department of Health and Human Services
200 Independence Avenue, SW
Room 509F, HHH Building
Washington, D.C. 20201
1-800-368-1019, 800-537-7697 (TDD)

Ou ka jwenn avi sa tou nan refuahhealth.org/legal/statement-of-non-discrimination/